

27 jiyè 2020

Chè fanmi,

Nou swete oumenm ak pitit ou byen epi n ap pase kèk moman ansanm ete sa a. Septanm pral rive sou nou nan yon titan, mwen ekri w jodi a pou kenbe w enfòm sou ane lekòl 2020–21 an epi asire w ou konnen kòman pou w fè pati konvèsasyon an. Pandan ete sa a, pandan n ap travay di pou klarifye fonksyonman pou otòn lan, mwen pwomèt pou nou sensè osijè sa nou konnen —ak sa nou poko konnen.

Opsyon aprantisaj ou genyen

Premye bagay: Elèv Vil Nouyòk pral aprann senk jou pa semèn, swa anpèsòn swa lakay yo. Jan nou te anonse l avan an, lekòl yo ap planifye pou aprantisaj ki mik, kote elèv yo pral resevwa enstriksyon nan bilding lekòl yo nan yon pati nan semèn lan epi yo pral kontinye aprann adistans lakay yo nan lòt jou semèn lan. Nenpòt fanmi ka chwazi tou aprantisaj adistans sèlman, pou nenpòt rezon. Nou konnen majorite fanmi yo vle otan enstriksyon nan salklas posib si li ansekirite, epi nou pral travay pou ogmante l omaksimòm nan chak koub, ki konsistan avèk kondisyon sante ak sekirite yo. Sepandan, si w vle chwazi pou pitit ou a resevwa tout aprantisaj la adistans epi ou poko fè nou konnen sa, tanpri fè nou konnen nan delè 7 out la pou lekòl yo ka planifye ankonsekans. Ou ka ranpli fòm sou sitwèb la nan schools.nyc.gov/returntoschool2020 oswa rele 311.

Pou pèmèt ou fè yon pi bon chwa, nou prepare kèk konparezon enpòtan sou sa ou ka atann ou nan chak mòd aprantisaj yo, ke ou ka jwenn nan fen lèt sa a. Fanmi ki chwazi pou fè tout enstriksyon an adistans ap kapab chwazi pou retounen nan modèl aprantisaj mik lan pa trimès pandan ane lekòl la, apati novanm

Kit ou lekòl anpèsòn kit w ap aprann adistans, oumenm ak pitit ou a toujou nan kominote lekòl la epi nou fè pati l tou. Se lekòl ou a k ap gen kontwòl total orè ak eksperyans aprantisaj pitit ou a. Majorite elèv ki patisipe nan aprantisaj adistans konplè pral resevwa enstriksyon an nan men pwofesè ki nan lekòl yo a. Pandan ka gen kèk eksepsyon ki limite dapre chak lekòl, ou ta dwe atann ou pou pitit ou a gen pwofesè ki nan lekòl li a lè l resevwa orè konplè li a avan ane lekòl la kòmanse.

Pandan nou kontinye ap planifye, nou dwe entelijan. N ap fè ajisteman pandan sitiyasyon sante piblik la ap kontinye evolye.

Kòman pou jwenn plis enfòmasyon

Chak semèn, nou pral afiche plis enfòmasyon sou fonksyonman lekòl la nan schools.nyc.gov/returntoschool2020. Tanpri make paj sa a epi ale sou li souvan. Nan paj sa a, w ap jwenn enfòmasyon sou Edikasyon Fizik (Physical Education, PE), Edikasyon Art ak lòt ankò. N ap mande w pou pasyan ak fleksib pandan pwosesis sa a pandan n ap travay pou nou gen yon bon jan planifikasyon nan kolaborasyon avèk pwofesè, direktè ak estaf ki nan lekòl yo.

Wwa w ak opinyon w endispansab pandan n ap kontinye travay. N ap kreye plizyè opòtinite pou w diskite sou ane k ap vini an avèk DOE epi nou espere w ap patisipe. Nou te fè premye sesyon enfòmasyon vil nou an 6 jiyè epi nou te resevwa anpil bon sijesyon nan men fanmi ki nan tout Vil la. Tanpri vin patisipe avèk nou nan yonn nan sesyon enfòmasyon ki gen pou fèt madi 28 jiyè, mèkredi 12 out ak jedi 27 out. Ou ka ale sou schools.nyc.gov/returntoschool2020 pou enskri ak voye yon kesyon .

Anplis, chak lekòl pral fè yon reyinyon paran pou diskite orè lekòl yo pwopoze ak pou revize planifikasyon pou ane lekòl k ap vini an epi nou pral fè reyinyon kominotè ak reyinyon tabwonn pou defann enterè moun, reyinyon pou bay enfòmasyon avèk lidè Konsèy Edikasyon pou Kominote (Community Education Council, CEC) ak lòt ankò.

Pandan mond n ap viv la kontinye ap chanje, angajman nou nan sante ak sekirite elèv, pwofesè, estaf ak fanmi nou yo rete fèm ansanm ak konsantrasyon nou sou ekite ak ekselans. N ap founi sa pitit ou a bezwen pou li reyisi onivo akademik, lè nou konnen efè twomatizan kriz sa a gen sou Nouyòkè tout laj. N ap asire nou pitit ou a jwenn bon akèy ak sipò nan kominote lekòl li a, kèlkeswa sa ki rive.

Mèsi poutèt ou kontinye pataje opinyon w ak kesyon w yo. Mwen te di sa avan, men li toujou rete yon verite kounye a: Ou se patnè ki pi enpòtan nou yo epi mwen gen rekonesans pou ou jodi a ak chak jou. Tanpri rete ansante ak sennesof.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

Konparezon ant eksperyans aprantisaj adistans ak aprantisaj miks: Ane lekòl 2020-21

<p>Eksperyans aprantisaj adistans konplè <i>Enstriksyon adistans konplè lakay</i></p>	<p>Eksperyans aprantisaj miks <i>Melanj aprantisaj anpèsòn nan bilding lekòl ak enstriksyon adistans lakay</i></p>
<p><i>Elèv yo patisipe nan yon orè regilye ki apwopriye dapre laj, aprantisaj adistans ki baze sou nòm apati lakay chak jou.</i></p> <ul style="list-style-type: none"> • Elèv yo pral fè entèaksyon avèk pwofesè yo chak jou. • Chak kou ap gen ladan l enstriksyon andirèk (live). Kantite a ap varye dapre klas, depann sa ki apwopriye onivo devlopman. • Elèv yo pral itilize yon platfòm sou entènèt ke DOE apwouve (tankou iLearnNYC oswa Google Classroom), ki disponib nan plizyè lang, pou leson ak pou remèt devwa. • Elèv yo pral fè eksperyans enstriksyon klas la ann antye, an tigwoup ak/oswa endividiyèl nan yon anviwònman sou entènèt, ansanm ak nan kolaborasyon avèk kamarad ak pwofesè yo. • N ap fè tout efò pou asire elèv yo gen menm enstriksyon ki konsistan pandan tout ane a. • N ap konsantre sou aprantisaj sosyoemosyonèl nan kominote lekòl yo pou garanti sante mantal ak byennèt elèv ak estaf la. • Elèv yo ap kapab gen aksè nan leson, devwa ak travay ki anrejistre sou videyo. • Pwofesè yo pral angaje elèv ak fanmi yo regilyèman pou verifye travay elèv, bay opinyon atan ak ajiste enstriksyon an si sa nesèsè, atravè platfòm aprantisaj adistans, apèl nan telefòn, imèl, chat sou videyo, etc • Elèv yo ak fanmi yo pral jwenn sipò endividiyèl pou ede yo nan aktivite akademik. 	<p><i>Elèv yo prale nan bilding lekòl yo pou enstriksyon anpèsòn ki apwopriye dapre laj, ki baze sou nòm nan kèk jou; epi kontinye aprann lakay adistans nan lòt jou semèn lan.</i></p> <ul style="list-style-type: none"> • Nan jou aprantisaj anpèsòn yo, elèv yo pral patisipe nan kou nan bilding lekòl yo. • Nan jou aprantisaj anpèsòn yo, elèv yo pral gen chans pou yo nan klas konplè, antigwoup ak endividiyèl ak nan kolaborasyon avèk kamarad ak pwofesè yo. • Elèv yo pral itilize yon platfòm sou entènèt ke DOE apwouve (tankou iLearnNYC oswa Google Classroom), ki disponib nan plizyè lang, pou leson ak pou remèt devwa. • N ap fè tout efò pou asire elèv yo resevwa enstriksyon nan men yon seri pwofesè anpèsòn ak adistans ki konsistan, ki travay ansanm pandan ane a pou kenbe pwogrè yo kontinye ak fè aprantisaj omaksimòm. • N ap konsantre sou aprantisaj sosyoemosyonèl nan kominote lekòl yo pou garanti sante mantal ak byennèt elèv ak estaf la. • Elèv yo ap kapab gen aksè nan leson, devwa ak travay ki anrejistre sou videyo. • Pwofesè yo pral angaje elèv ak fanmi yo regilyèman pou verifye travay elèv, bay opinyon atan ak ajiste enstriksyon an si sa nesèsè, anpèsòn ak atravè platfòm aprantisaj adistans, apèl nan telefòn, imèl, chat sou videyo, etc • Elèv yo ak fanmi yo pral jwenn sipò endividiyèl pou ede yo nan aktivite akademik.